



© TM City
of New York


FDNY

www.nyc.gov/fdny

Bilten sou Preparasyon Lè Gen Dife ak Ijans pou Blding Apatman nan Vil Nouyòk Yo

2025-2026

Se Depatman Ponpye Vil Nouyòk (FDNY) ki prepare bilten anyèl sa a. Pwopriyetè bilding apatman yo dwe distribye dokiman sa a bay rezidan yo ak anplwaye yo. Tanpri li enfòmasyon sa a pou ede kenbe ou menm ak moun ou renmen yo an sekirite.



Nan Pwoblèm Sa a

Dife akòz Batri

Batri lityòm-yon yo ka lakòz dife ki ka touye moun (paj 1-2).

Sekirite kont dife nan bilding ou an

Familiarize w ak gid sekirite kont dife a ak avi yo pou bilding ou an (paj 2-3).

Ijans moun ki tire ak zam aktif

Aprann sa sivil yo ta dwe fè (paj 4).

Fè Atansyon ak Batri Lityòm-ion Lakay ou!

Batri lityòm yo se batri ki rechajab. Yo jwenn yo nan bisiklèt ak twotinèt, machin, òdinatè pòtab, tablèt, telefòn, ak aparèy kay komen.

Dife nan batri lityòm-ion lakòz lanmò, blesi grav ak domaj devastatè nan pwopriyete nan vil Nouyòk. Pifò dife kòmanse lè moun itilize batri ki pa sètifye, ki andomaje, oswa ki modifiye ilegalman pou aparèy tankou bisiklèt elektrik ak twotinèt elektrik. Men, menm batri sètifye yo ka byen vit vin danjere si yo pa itilize oswa chaje nan bon fason an.

Kilè ou ta dwe rele 911 pou yon batri-lityòm-ion?

- Rele 911 si ou obsève nenpòt odè, chanjman nan fòm oswa koulè, flit, oswa bri dwòl.
- Rele 911 si batri a andomaje yon jan vizib oswa si yon moun ki pa kalifye te repare li.

Kisa ou ka fè ankò nan yon ijans?

- Sispann sèvi ak batri a touswit.
- Si li an sekirite pou fè sa, pote batri a deyò oswa deplase batri a lwen nenpòt bagay ki ka pran dife.

Piga ou riske mete dife lakay ou.



- Pa achte batri lityòm-ion ki pa sètifye, ilegal, oswa ki dezyèm men.
- Pa eseye fabrike, manipile, oswa repare batri lityòm-ion yo.
- Pa chaje yon batri lityòm-ion ak yon kab ekstansyon oswa yon miltipriz.
- Pa kenbe batri ki andomaje oswa ki rive nan fen lavi yo nan apatman ou.
- Pa chaje batri lityòm-ion ou bò kote yon pòt oswa yon fenèt apatman paske yon dife ka bloke ou pou ou soti.
- Pa chaje yon aparèy oswa yon batri sou oswa toupre kabann ou oswa kanape ou, ni toupre rido, papye oswa nenpòt lòt bagay ki pran dife fasil.
- Pa chaje batri a lannwit lan oubyen san siveyans.

Pran inisyativ pou sekirite batri Lityòm-ion an!



- Achte bisiklèt elektrik, twotinèt elektrik, ak batri nan sous ou fè konfyans. Asire ke yo GEN SÈTIFIKA. Chèche etikèt UL yo (UL 2849, 2272, oubyen 2271).
 - Swiv direktiv fabrikan yo pou pwodwi yo. Sèvi ak batri, adaptè kouran orijinal la ak fil kouran ki vini avèk aparèy la, oubyen pyès ranplasman fabrikan an rekòmande.
- Si posib, chaje bisiklèt elektrik ou, twotinèt elektrik ou, ak batri ou yo nan yon zòn chaje ki an sekirite ki deziyen nan bilding ou an. Mande bilding ou an oswa anplwayè ou a si yo ka bay yon enstalasyon chaje ak depo ki an sekirite. Sinon, chaje epi sere aparèy mikwomobilite ak batri yo deyò, si sa posib. Si ou dwe chaje batri ou nan apatman ou, fè atansyon.
 - Chèche opsyon pou resiklaj an sekirite pou batri ki nan fen lavi yo.

Si w ap ranplase yon ansyen batri, retire li lakay ou touswit, menm si li pa andomaje. Pwoteje tèt ou ak lòt moun lè w PA JANM mete batri lityòm-ion nan fatra w oswa nan fatra bilding ou. Se danjere! Ale sou sitwèb Depatman Ijyèn Vil Nouyòk la pou wè kijan ak ki kote pou depoze pil ak aparèy ki fin vye yo san danje.

<https://www.nyc.gov/site/dsny/collection/get-rid-of/batteries.page>

Ou dwe asire pou w verifye sitwèbregilyèman pou mizajou!!

Nan ka gen dife nan apatman ou an, toujou FÈMEN PÒT LA lè w ap sòti!

- Li enpòtan anpil pou fèmen pòt la dèyè ou lè w ap kite apatman ou a nan yon dife. **Poukisa?** Lè pòt apatman ak eskalye yo fèmen, sa ede kontwole lafimen ak dife nan apatman an epi kenbe koulwa piblik yo pwòp san flanm dife, chalè ak lafimen ase lontan pou pèmèt lòt moun soti epi ponpye yo antre.
- Pòt apatman ak eskalye yo ta dwe toujou rete fèmen, pou si ta gen yon pwoblèm.
- Bilding apatman ou an ta dwe te afiche "Avi pou Fèmen Pòt la" sou bò koulwa tout pòt eskalye yo nan bilding ou an.

Nan yon Dife, Fèmen Tout Pòt Dèyè Ou!

Kenbe dife ak lafimen lwen koulwa ak eskalye bilding lan.

Kenbe pòt apatman ak eskalye yo fèmen tout lòt lè. Pwoteje vwazen ou yo ak kay ou



Kòd Administrasyon NYC
§15-135

Nan yon Dife, Fèmen Tout Pòt Dèyè Ou!

Kenbe dife ak lafimen lwen koulwa ak eskalye bilding lan.

Kenbe pòt apatman ak eskalye yo fèmen tout lòt lè. Pwoteje vwazen ou yo ak kay ou!



Kòd Administrasyon NYC
§15-135

Si pa gen "Avi Fèmen Pòt yo" ki afiche, kontakte pwopriyetè oswa responsab bilding lan, oswa avize FDNY a nan voye yon imèl nan FDNY.BusinessSupport@fdny.nyc.gov oswa nan rele 311 (mande pou Sant Sèvis Kliyan Depatman Ponpye a).

Gid Preparasyon pou Ijans pou Bilding Apatman nan Vil Nouyòk 2024 la gen enfòmasyon sou bilding ou an ak sa pou w fè pandan yon dife, tanpèt, eksplozyon oswa lòt ijans. W ap jwenn tou yon Lis Verifikasyon Preparasyon pou Ijans/Planifikasyon Evakyasyon ki itil.

GDID PREPARASYON pou IJANS POU BILDING APATMAN NAN VIL NEW YORK

Livre Sevis Pwovizyon Vil New York la fèt pou enfòmasyon rezidan ki nan bilding apatman yo ak anplwaye yo sou sekirite bilding apatman yo, ak sa chak rezidan ka fè pou prepare pou ijans yo, anpeche dife epi pwoteje tèt yo ak fanmi yo pandan yo ijans ki gen dife ou sa yo ijans ki pa gen dife.

**ENFOMASYON DEBAZ SOU
PREPARASYON pou IJANS**

MOUN KI BEZWEN ÈD

**PWOVIZYON DEREZEV (POU IJANS
NAN KAY YO AK VALIZ OU TOU PRAPÈ)**

**SEKIRITE NAN KAY AK FASON pou
ANPECHE DIFE**

KONNEN BILDING OU AN

**KISA pou OU FÈ NAN YO IJANS KI
GEN DIFE/KI PA GEN DIFE**

RESOUS YO pou PREPARE pou IJANS

Batiman Apatman NYC **Lis Verifikasyon Endividyèl Pou Preparasyon Pou Sityasyon Ijans ak Planifikasyon Evakyasyon yo**

ETAP #1: Edikite Tèt Ou Sou Preparasyon Ijans

- Li Guid Preparasyon pou Sityasyon Ijans Nan Bilding Apatman nan Vil Nyouyik ki pibliye pa FDNY a pou w apren plis sou dife ak lòt kalte ijans apilijan pou w prepare pou yo. Ou ta dwe revize Resous la nan men pwopriyete/ajansou bilding lan la w ap sijan kontra lwey la epi yo fwa chak 3 an, epi disponib pou sitabèl FDNY la (<http://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-department-rules/fire-dept-rules.page>).
- Revize Fey Enfòmasyon sou Konstriksyon an ki vini ak Guid la pou jwenn enfòmasyon sou konstriksyon bilding ou an ak sistèm pwoteksyon kont dife ak sèl yo, anmenm ak exi sekirite kont dife pwopriyete/ajansou bilding lan obligè afiche sou pòt antre apatman ou an.
- Ensikri pou alèt ijans nan nyc.gov/notifynyc oubyen telechaje aplikasyon an pou itilize Apple/Android.

ETAP #2: Prepare Plan Evakyasyon Ou

- Rangli lis verifikasyon ki anba a pou devlope youn plan evakyasyon endividyèl pou ou menm ak fanmi ou.
- Lis verifikasyon an dekri mètòd rekòmande ou ka pran davans pou prepare w pou evakye bilding ou an nan youn ijans.
- Si ou edikite tèt ou sou preparasyon pou ijans epi ou dresen youn plan evakyasyon, ou pral prape pou pran youn verifikasyon elikse sou pi bon mètòd pou pran youn plan evakyasyon.

A. Konnen Bilding ou a - Gade Seksyon 5 ak 6 nan Guid la ak Fey Enfòmasyon sou Bilding ou an

Konstriksyon Bilding

- ☐ Ki pi ka boude/nyitaj
- ☐ Ka boude/nyon nyitaj (kache tout ou ki nyitaj)
- ☐ Dife mwens an pase nan fenèt ki soti fasil
- ☐ Dife mwens an pase nan fenèt ki pa bouche andedan ak deyò

Zòn Evakyasyon Tanpèt Koryè

Jwenn zòn ou ou men "NYC.gov/yourNewYorkZone" oubyen rele: 311 (212-639-9675 pou rele vidyeu yo)

- ☐ Bilding apatman mwens an po nan youn zòn evakyasyon pou tanpèt koryè.
- ☐ Bilding apatman mwens an nan Zòn Evakyasyon Nan Ka Gen Tanpèt Koryè e _____

Ki kalte w ap rele li yo evakye w ?

- ☐ Fason _____ Zammi ☐ Kolaj nan ☐ Olet

Eskò ou kapab pote bèt lakay ou?

- ☐ Wi ☐ Non

Si ou pandan abri pou ou (ak bèt lakay ou) pandan youn evakyasyon akiz tanpèt koryè, rele: 311 pou jwenn Sistèm Evakyasyon Vil New York pou ou.

2024

Apatman ou nan Vil Nouyòk la dwe gen youn nan **Avi Sekirite Kont Dife** sa yo anndan pòt antre prensipal la. Avi a gen ladan l konsèy ki potansyèlman ka sove lavi moun sou sa pou fè nan ka ta gen yon dife, sa depann de kalite konstriksyon bilding lan ak kote dife a ye a.

Ou nan yon bilding ki konstwi ak materyo ki pa ka boule (ki ka reziste dife)	oubyen	Ou nan yon bilding ki konstwi ak materyo ki ka pran dife
ANONS KONSÈNAN SEKIRITE POU DIFE SI TA GEN YON DIFE, RETE TRANKIL. METE FIRE DEPARTMENT OKOURAN EPI FÈ SA MANM PÈSONÈL FIRE DEPARTMENT LA DI OU. SI OU OBLIJÈ AJI VIT, ITILIZE JIJMAN OU POU FÈ SA KI GEN MWENS DANJE A, EPI SÈVI AK ENFÒMASYON SA YO POU GIDE OU: OU NAN YON BILDING KI KONSTWI AK MATERYO KI PA KA BOULE (KI KA REZISTE DIFE) <u>Si Gen Dife Nan Apatman ou a</u> Fèmen pòt chanm ki gen dife a epi kite apatman an.		ANONS KONSÈNAN SEKIRITE POU DIFE SI TA GEN YON DIFE, RETE TRANKIL. METE FIRE DEPARTMENT OKOURAN EPI FÈ SA MANM PÈSONÈL FIRE DEPARTMENT LA DI OU. SI OU OBLIJÈ AJI VIT, ITILIZE JIJMAN OU POU FÈ SA KI GEN MWENS DANJE A, EPI SÈVI AK ENFÒMASYON SA YO POU GIDE OU: OU NAN YON BILDING KI KONSTWI AK MATERYO KI KA PRAN DIFE <u>Si Gen Dife Nan Apatman ou a</u> Fèmen pòt chanm ki gen dife a epi kite apatman an.

3

Ijans Lè Gen Tire ak Zam Aktif

Si w toupre yon moun k ap tire oswa yon moun k ap atake vyolan, Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD) rekòmande pou sivil yo itilize yon estrateji "**evite, barikad, konfwonte**". Konpoze 911 lè ou an sekirite pou fè sa a. Rete vijilan epi prepare w pou pwoteje tèt ou pandan w ap swiv mezi sekirite ki anba yo.

Evite

- Kite bilding lan touswit si ou kapab fè sa san danje.
- Pa pote okenn afè pèsònèl avèk ou.
- Evite asansè ak eskalatè si posib. Itilize eskalye yo.
- Lè w ap itilize eskalye yo, rete pre miray la pou sekouris yo ka pase byen vit.



Barikad

- Si ou pa ka kite zòn nan san danje, antre nan yon apatman oswa yon lòt chanm epi fèmen pòt la epi kadnase l si sa posib.
- Bloke pòt la ak gwo objè lou pou rann li difisil pou yon agresè antre. Ou ka itilize kanape, tab, chèz, komòd, elatriye.
- Kache dèyè yon gwo bagay solid si sa posib, epi eseye rete anba nivo ren ou pou evite nenpòt bal mawon.
- Rete trankil epi trankil. Etenn limyè yo ak tout sous bri. Mete telefòn ou ak lòt aparèy ou yo sou silans, pa sou vibrasyon.
- Chache bagay ou ka itilize kòm zam enpwovize (tankou sizo, etajè rad, pye yon tab oswa yon chèz, elatriye).



Konfwonte

- Kòm dènye rekou, defann tèt ou si lavi ou an danje imedya epi ou pa ka chape oswa kache.
- Pran mezi dirèk kont agresè a.
- Eseye domine agresè a avèk sipriz, vitès, ak fòs nan fason ki pi vyolan posib. Si posib, itilize zam enpwovize.
- Si w avèk lòt moun, eseye travay ansanm pou simonte moun ki atake w la.



Si ou rankontre ajan lapolis pandan ensidan an, sonje ke ofisye ki ap reponn yo ap konsantre sou men ou yo. Kenbe men ou yo deyò, ouvè, anlè tèt ou, epi sa ki pi enpòtan, vid.

Jesyon Ijans NYC ofri plis konsèy ak enfòmasyon pou tout tip ijans yo. "Kijan mwen ka siviv Nan Ka Gen Yon Moun K ap Tire Aktivman?" disponib nan <https://plannownvc.citvofnewwork.us/active-shooter/>.

Gid Preparasyon pou Dife ak Ijans 2025-2026 pou Bilding Apatman nan Vil Nouyòk